



Pou Piblikasyon Imedya: 1/8/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OTÈ & POWÈT BYENNAL ETA

***Cuomo nome Edmund White 11<sup>yèm</sup> Otè Eta; Yusef Komunyakaa 11<sup>yèm</sup> Powèt Eta***

***Cuomo Nonmen Joseph Tusiani Powèt Ofisyèl Emerite Eta New York nan rekonesans kontribisyon a Kominote Literè Entènasyonal***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse nominasyon 11<sup>yèm</sup> Otè Eta New York, Edmund White, ak 11<sup>yèm</sup> Powèt Eta, Yusef Komunyakaa. An selebrasyon devouman lavi yon powèt Italyen-Ameriken Joseph Tusiani nan art, Cuomo te nome l Powèt Ofisyèl Emerite Eta New York.

**Gouvènè Cuomo te deklare**, “Ekriven talantye, enspire sa yo te fè kontribisyon remakab nan kominote literè nan New York. Travay yo se yon byen fòmide pou nou tout e li te sèvi kòm yon fondasyon pou anpil moun nan mond lan. Mwen enpasyon pou jenerasyon kap vini yo ka pataje epi pwofite de literati yo.”

**Edmund White te deklare**, “Mwen te pase preske tout lavi m nan New York e mwen te ekri sou li anpil. Li etonan dèske m jwenn rekonesans lakay mwen ansanm avèk konsitwayen m.”

**Yusef Komunyakaa te deklare**, “Mwen kontan paske map travay kòm powèt Eta New York. Mwen anbrase sipò istorik atist yo e map eseye kiltive atmosfè sa kote pwezi ak lavi moun kap travay kwaze.”

**Joseph Tusiani, Pwofesè Emerite nan Herbert H. Lehman College, City University of New York, te deklare**, “Mwen aksepte avèk imilite gwo onè sa ke mwen konsidere yon rekonesans piblik pou amou m pandan tout lavi pou pwezi, e tout pwezi sa reprezante nan yon mond ki antoure pa sousi monden ak fòs alyenasyon yo. Mwen rekonesan anpil.”

### **Enfòmasyon osijè Edmund White – 11<sup>yèm</sup> Otè Eta New York**

Edmund White te otè plis pase de douzèn travay fiksyon, memwa, ak kritik, enkli woman klasik *A Boy's Own Story* (1982), sa ke *New York Times* te rele yon kwa ant

J.D. Salinger ak Oscar Wilde. Li ekri tou *Genet: Yon Biyografi* (1994), pou sa li te resevwa Prim Sèk Kritik Liv Nasyonal ak Prim Literè Lambda. Li te benefisyè bous Guggenheim ak Prim pou Literati ki soti nan Akademi Nasyonal Art ak Lèt. Nan 1993, yo te fè I Chevalye, e pita ofisye Ód Art ak Lèt pa gouvènman Fransè a.

Anplis ke li te yon manm nan Violet Quill, yon sèk literè enfliyan ekriven pòs-Stonewall New York, White te yon ko-fondatè Kriz Sante Gason Omoseksyèl [ Gay Men's Health Crisis (GMHC)], premye founisè prevansyon, swen, ak defans VIH/SIDA nan mond lan, li te etabli nan Vil New York nan janvye 1982. White te egalman yon benefisyè inogiral Prim Bill Whitehead nan 1989, onore reyalyasyon pandan tout lavi pa ekriven yo nan kominote LGBT.

Kòm yon ekriven fiksyon, White petèt pi byen kopnen pou triloji nouvel oto-biyografik li: *Istwa A Boy's Own* (1982), *The Beautiful Room Is Empty* (1988), ak *The Farewell Symphony* (1997). Li te egalman otè travay ki gen ladan *The Married Man* (2000), *Hotel de Dream: Yon woman New York Novel* (2007), ak *Jack Holmes and His Friend* (2013).

White egalman akonpli kòm yon biyograf ak kritik kiltirèl. Anplis de biyografi prim-gayan Jean Genet li a, li se otè *Marcel Proust: A Life* (1999) ak *Rimbaud: The Double Life of a Rebel* (2008). Li te pibliye plizyè travay memwa, enkli *My Lives: Yon Oto-biyografi* (2005) ak *City Boy: Lavi m nan New York pandan ane 1960 ak 70 yo* (2009). Dènye woman li, *Our Young Man*, ap soti pwochenman nan Bloomsbury nan avril 2016. Yon manm alafwa nan American Academy of Arts and Letters ak the American Academy of Arts and Sciences, White abite nan Vil New York e li te yon pwofesè Ekriti Kreyatif nan Princeton University depi 1998.

### **Enfòmasyon sou Yusef Komunyakaa – 11<sup>yèm</sup> Powèt Eta New York**

Yusef Komunyakaa se otè plis pase de douzèn liv pwezi, enkli *Dien Cai Dau* (1988), ki te genyen Pri Pwezi The Dark Room, *Thieves of Paradise* (1998), sa ki te yon finalis pou Prim Sèk Kritik Liv Nasyonal, ak *Neon Vernacular: New and Selected Poems* (1993), pou sa li te resevwa alafwa Pri Pulitzer ak Prim Pwezi Kingsley Tufts. Li te resevwa Pri Pwezi Ruth Lilly pou “akonplisman ekstra-òdinè Lavi” ki soti nan Fondasyon Pwezi nan 2001, ak Prim Wallace Stevens nan Academy of American Poets nan 2011. Komunyakaa te anseye nan anpil inivèsite, enkli University New Orleans, Indiana University, ak Princeton University.

Fèt epi elve nan Bogalusa, Louisiana, Komunyakaa te sèvi nan Lame Ameriken pandan Lagè Vietnam e li te resevwa Etwal Bwonz pou travay li kòm editè ak korespondan pou jounal militè *Southern Cross*. Li te resevwa yon Bakaloreya nan University of Colorado, Colorado Springs nan 1975, yon Metriz nan Colorado State University nan 1978, ak yon M.F.A. nan Ekriti Kreyatif nan University of California, Irvine nan 1980.

Premye liv powèm li, *Dedications & Other Darkhorses*, te pibliye nan 1977, ki te fèt apre *Lost in the Bonewheel Factory* nan 1979. Nan 1993, Komunyakaa te pibliye *Neon Vernacular: New and Selected Poems*, ki gen ladan douz nouvo powèm ki soti nan *Dien*

*Cai Dau, Copacetic, ak I Apologize for the Eyes in My Head.*

Depi lè sa, li te pibliye plizyè liv powèm, enkli *Thieves of Paradise* (1998) ak *Talking Dirty to the Gods* (2000), toulède te finalis pou Prim Sèk Kritik Liv Nasyonal. Koleksyon 2011 li a, *The Chameleon Couch*, te yon finalis pou Prim Sèk Kritik Liv Nasyonal e li te nomine pou Priz Pwezi Griffin International 2012. Li te nome Best Poetry Book of 2011 pa *Boston Globe*.

Komunyakaa se yon manm pwofesè distenge ak Direktè Onorè de Cave Canem, yon fondasyon, ki baze nan Brooklyn ki angaje pou kiltive kwasans atistik ak pwofesyonèl powèt Afriken Ameriken. Anpil onè li yo gen ladan Pri William Faulkner ki soti nan Inivèsite Rennes, Prim Thomas Forcade, Pri Pwezi the Hanes, ak bous Fine Arts Work Center nan Provincetown, Konsèy Art Louisiana, ak Fondasyon Nasyonal pou Art. Li te chwazi kòm chanselye Akademi Powèt Ameriken nan 1999 e li te entwonize nan American Academy of Arts and Letters nan 2009. Dènye koleksyon Pwezi I, *The Emperor of Water Clocks*, te pibliye nan Oktòb 2015. Komunyakaa abite nan Vil New York e li se powèt prensipal distenge nan Pwogram Ekriti Kreyatif nan Inivèsite New York.

### **Enfòmasyon sou Joseph Tusiani – Powèt Ofisyèl Emerite**

Joseph Tusiani se yon powèt ekri selèb nan kat lang. Fèt San Marco nan Lamis (Foggia) ane 1924, li te resevwa yon degre doktora nan University of Naples nan 1947 avèk yon tèz sou William Wordsworth. Pita nan ane sa, li te emigre soti Italy pou rantr Etazini kote li te kòmanse karyè l kòm yon inivèsitè ki gen siksè.

Tusiani te ekri anpil koleksyon pwezi. Travay laten l gen ladan *Melos Cordis* (1955), *Rosa Rosarum* (1984), *In Exilio Rerum* (1985), ak *In Nobis Caelum* (2007); *Lo Speco Celeste* (1956), *Odi Sacre* (1957) and *Il Ritorno* (1992) in Italian; and, *Rind and All* (1962), *the Fifth Season* (1964) ak *Gente Mia ansanm avèk lòt powèm* (1978) nan Angle. Yon nouvo volim pwezi, *A Clarion Call*, prevwa pou piblikasyon nan 2016.

Nan nivo entènasyonal, Tusiani byen koni pou tradiksyon l enkli *The Complete Poems of Michelangelo* (1960), *Jerusalem Delivered* (1970), *The Creation of the World* (1982), *Morgante* (1998) and others. Tusiani te ekri egalman yon woman, *Envoy from Heaven* (1965), e li te otè twa-volim oto-byografi, *La Parola Difficile* (1988), *La Parola Nuova* (1991) ak *La Parola Antica* (1992).

Tusiani te kòmanse karyè ansèyman l nan College of Mount Saint Vincent e pita li te rantr nan Lehman College Inivèsite Vil New York.

Tusiani rekonèt lajman pou pwezi Italyen, Angle, Laten ak Apulian e li te resevwa plizyè prim ak distenksyon. Nan 1954, li te premye Ameriken pou resevwa Pri Pwezi Greenwood nan Sosyete Pwezi Angletè. Nan 1986, Asosyasyon Pwofesè Ameriken Italyen te nome l kòm premye benefisyè nan Prim Sèvis Distenge AATI. Nan 2007, yo te ba li kle Vil Florence pou kontribisyon nan konesans mond Anglofòn powèt Florantin

apati Dante ak Boccaccio a Petrarch ak Machiavelli.

Powèt Ofisyèl Emerite se yon onè distenk ak separe ke Eta New York te bay Tusiani an rekonesans pou reyalizasyon l nan literati Ameriken Italyen.  
Joseph Tusiani gen 92-ane e lap viv nan Vil New York.

**Angelo Vivolo, Prezidan Fondasyon Sitwayen Kolombus, te deklare,** “Se yon gwo onè pou Fondasyon Sitwayen Kolombus ak pou tout kominote Italyen Ameriken ke Gouvènè Cuomo ak Eta New York rekonèt distenkasyon inik Pwofesè Joseph Tusiani, li rekonèt entènasyonan tankou pi gwo powèt, ekriyen laten modèn kap viv, ekri nan kat lang, tradiktè, chèchè, pwofesè, yo te akòde l tit ‘Powèt Ofisyèl Emerite Eta New York.’”

### **Enfòmasyon sou Powèt ak Otè Eta New York**

NYS Writers Institute ki nan University at Albany, SUNY chwazi Powèt ak Otè Eta a pou manda dezan. Chwa pou Otè ak Powèt Eta a baze sou yon gwoup travay enpòtan ki gen bon merit literè.

**William Kennedy, Direktè Egzekitif Enstiti Ekriyen Eta New York, ak prezidan komite revizyon ex-officio pou Prim Edith Wharton Otè Eta New York, te deklare,** “Edmund White se yon ekriyen ki gen talan kote travay li egziste sou yon plan literè elve. Li te ekri an plizyè estil – jounalis, redaksyon, kritik, biografi, ak espesyalman fiksyon, preske santre totalman sou konsyantizasyon ak kilti omoseksyèl. Etandi travay li, lide l nan epòk la kote li tap viv la ak nan pwòp vi l, kouraj ak entelijans, ak lespri mèveye langaj li, te fè de li yon figi iminan ak enspirasyon nan literati Ameriken an.”

**Donald Faulkner, Direktè Enstiti Ekriyen Eta New York, ak prezidan Komite revizyon ex-officio pou Prim Walt Whitman pou Powèt Eta New York, te deklare,** “Raman, si m te, janm jwenn yon powèt Ameriken avèk yon trajektwa enteresan konsa ak sans sijè osijè kilti ak moralite: apati Vietnam a jazz, apati eksperyans Nwa pou rive a liris sireyèl. Yusef Komunyakaa sètènman pami pi bon nou yo.”

Yo te detèmine NYS Writers Institute of the State University of New York, ki nan University nan Albany, kòm yon òganizasyon pèmanan eta a sipòte nan pwojè-lwa ki te siyen pou vin lwa nan ane 1984. Writers Institute bay yon espas pou ekriyen yo, ki alafwa selèb ak atiran, toupatou nan lemonn pou reyini pou enstriksyon ak echanj kreyatif.

Nan 1985, Gouvènè Mario M. Cuomo ak Lejislati Eta te abilite Enstiti a pou atribye pri Sitasyon ak Merit Edith Wharton pou Ekri Fiksyon (Otè Eta) ak Sitasyon Merit pou Powèt Walt Whitman (Powèt Eta) pou otè yo ke reyalizasyon karyè yo te lakoz yo merite pigwo onè literè Eta New York.

Sou rekòmandasyon de (2) panèl konsiltatif ekriyen distenge ki te reyini anba pwoteksyon Enstiti a, gouvènè a bay rekonpans pou sitasyon yo chak dezan pou yon

ekriven fiksyon ak yon powèt distenksyon. Pandan manda dezan an, loreya eta a ap sipòte ak ankouraje travay fiksyon ak pwezi toupatou nan New York lè yo bay lekti ak konferans piblik nan eta a. Prim nan pote yon onorè di-mil dola.

Otè Eta New York ak kantite tan sèvis yo endike anba la a.

- Alison Lurie, 2012-2014
- Mary Gordon, 2008-2010
- Russell Banks, 2004-2008
- Kurt Vonnegut, 2001-2003
- James Salter, 1998-2000
- Peter Matthiessen, 1995-1997
- William Gaddis, 1993-1995
- Norman Mailer, 1991-1993
- E. L. Doctorow, 1989-1991
- Grace Paley, 1986-1988

Powèt Eta New York ak kantite tan sèvis yo endike anba la a.

- Marie Howe, 2012-2014
- Jean Valentine, 2008-2010
- Billy Collins, 2004-2006
- John Ashbery, 2001-2003
- Sharon Olds, 1998-2000
- Jane Cooper, 1995-1997
- Richard Howard, 1993-1995
- Audre Lorde, 1991-1993
- Robert Creeley, 1989-1991
- Stanley Kunitz, 1986-1988

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Powèt ak Otè NYS, ansanm avèk Enstiti Ekriven NYS, tanpri vizite: <http://www.albany.edu/writers-inst/>

###

Additional news available at [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
New York State | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418